Tranbleman d tè

1



Latè a fèt ak yon seri KOUCH. Kouch ki an lè nèt la, se la nou abite. Yo rele kouch sa a KWOUT.

2



Kwout la separe an plizyè mòso yo rele PLAK TEKTONIK. Espas kote 2 plak rankontre, sa rele FAY. Se fòs k ap fèt an dedan latè a ki fè plak yo deplase. An jeneral, plak yo deplase tou dousman, e yo deplase tèlman dousman nou pa santi sa ditou.

3



Pafwa, plak ki akote yon fay konn deplase toudenkou ak gran vitès. Deplasman sa a kreye yon VAG SISMIK ki souke latè a. Se sa menm ki TRANBLEMAN D TÈ. Ayiti gen plizyè fay ki ka bay tranbleman d tè.

4



Gade ki jan ou ka soti lakay ou rapid-rapid san pwoblèm. Fòk ou-menm ak moun lakay ou abitye fè sa, an ka ta vin gen yon tranbleman d tè.

5

Yon JEYOLÒG se yon syantis ki etidye deplasman plak ak fay. Ou ka eseye jwenn enfòmasyon sou JEYOLOJI zòn kote ou rete a. Ou ka jwenn enfòmasyon sou FAY. Si ou rete nan yon ZÒN TRANBLEMAN D TÈ, ou ka bati kay, lekòl ak magazen ki pa p kraze nan tranbleman d tè.

6

Sa se yon move jan pou ou konstwi. Mi yo ak pati kote mi yo kontre ak ni planche ni plafon, yo mande ranfòse.

Sa se bon jan pou ou konstwi. Mi yo ak pati kote mi yo kontre ak ni planche ni plafon, yo byen ranfòse.



The University of Montana

NSF